VOLIM 13, NIMEWO 3

Bilten Sante

DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK

#100 nan yon seri Bilten Sante osijè kesyon ki enterese anpil tout moun k ap viv nan Vil Nouyòk

Rete an Sante nan Ijans yo: Planifye Davans

Health Bulletin #100: Stay Healthy in Emergencies: Plan Ahead (Haitian Creole)

NYC Health

Èske ou reflechi sou sante ou nan yon ijans?
Prepare davans: Fè yon plan sante, epi konekte avèk vwazen ou yo:

Fè yon plan-dijans pou fanmi ou.

- Chwazi de (2) kote pou rankontre pou fanmi ou ale pandan yon ijans: yon kote toupre lakay ou epi lòt kote a lwen lakay ou, sizoka katye ou afekte.
- Kenbe yon lis preskripsyon, nimewo telefòn pou doktè ou ak famasi ou, ak kopi kat asirans sante nan Valiz pou Deplase ou kapab pote avèk ou.
- Estoke ase rezèv (tankou medikaman, boutèy dlo ak manje ki p ap gate) pou dire yon semèn.
- Si oumenm oswa yon manm fanmi ou gen bezwen medikal espesyal, pale avèk pwofesyonèl swen sante ou sou ki rezèv medikal w ap bezwen nan yon ijans ak fason pou jwenn yo.

Konekte avèk vwazen ou yo.

- Chèche konnen vwazen ou yo, epi chanje enfòmasyon kontak avèk yo. Moun ki ka pi itil ou nan ijans ta ka ap viv toupre kay ou oswa ta ka alatèt yon biznis lokal.
- Pale avèk vwazen ou yo sou:
  - Plan pou youn ede lòt.
  - Lòt kote pou jwenn medikaman oswa materyèl medikal, sizoka famasi oswa magazen regilye ou yo fèmen.
  - Lide moun ki viv nan kominote pandan lontan epi ki gen eksperyans avèk lòt ijans.

Pale avèk fanmi ou sou yon plan-dijans, tankou kote pou rankontre ak bezwen medikal espesyal.

RELE 311

Pou jwenn kopi nenpòt Bilten sou sante

Pou tout Bilten yo sou Sante, ale nan sitwèb **nyc.gov** epi chèche **Health Bulletins**.

Pou yon abònman gratis nan imèl, ale nan sitwèb **nyc.gov/health/email**.



Pwoteje tèt ou epi siveye lòt moun yo pandan yon ijans.

- Respekte plan ijans ou.
- Si li bon pou fè sa, tcheke sou moun ki ka poukont yo, sitou granmoun aje yo ak moun ki gen pwoblèm medikal yo.
- Chèche enfòmasyon nan yon sous ou fè konfyans (tankou nyc.gov oswa 311).
- Itilize radyo ki fonksyone avèk pil pou koute bilten jounal si pa gen kouran oswa si pa gen sèvis nan telefòn selilè ou.

Li nòmal pou santi ou pè oswa akable akòz yon ijans. Si oumenm oswa yon moun ou konnen bezwen èd, rele LifeNet (800-543-3638), yon liy enfòmasyon sekrè gratis ki fonksyone 24 èdtan pa jou ak sèt (7) jou pa semèn.

Bezwen pou Sante: Lis Tout Sa pou Genyen pou Ijans

Detache paj sa a, epi afiche li sou frijidè a.

Kote pou rankontre toupre lakay ou:

Kote pou rankontre lwen lakay ou:

Nimewo telefòn enpòtan:

Konpayi asirans sante:

Nimewo kontra a:

Non ak nimewo telefòn doktè a:

Non ak nimewo telefòn famasi a:

Ekipman medikal dirab (oksijèn, kad pou mache, elatriye):

Medikaman sou preskripsyon (tankou non, dòz pou pran ak kantite fwa pou pran li):

Plis Enfòmasyon

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk: **nyc.gov/health**

Biwo Jesyon Ijans Vil New York: **nyc.gov/oem**

Vil New York: **@nycgov**
NYC DOHMH: **@nychealthy**
NYC OEM: **@nycoem**
NotifyNYC (pou alèt yo): **@notifynyc**

VOLIM 13, NIMEWO 3

Bilten Sante

DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK

#100 nan yon seri Bilten Sante osijè kesyon ki enterese anpil tout moun k ap viv nan Vil Nouyòk

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk
New York City Department of Health and Mental Hygiene
Gotham Center, 42-09 28th Street
L.I.C., New York 11101-4134

Bill de Blasio, Majistra
Mary T. Bassett, MD, MPH, Manm Komisyon

Rete an Sante nan Ijans yo: Planifye Davans

RELÉ 311 Pou sèvis ki pa ijan nan Vil Nouyòk
Entèprèt nan telefòn ki pale plis pase 170 lang

Chèche pou Jwenn Plis Enfòmasyon
Rete an Sante nan Ijans yo: Planifye Davans

EPR196701H – 9.14